*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№63 (26036)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 11 апрель — хуымгæнæны мæйы 11 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪАЙТАРТÆ НÆ МÆЛЫНЦ
*Фидар удыхъæд...*

3 АИВАД
*Премийы номинантты номхыгъдмæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Мотоспорт*

**Хицауадæй**

## Социалон-экономикон рæзты стратегийы ивддзинæдтæ

**Цæгат Ирыстоны 2030 азы æмгъуыдмæ царды уагъд хъуамæ æрцæуа республикæйы Социалон-экономикон рæзты стратеги. Ныртæккæ йыл куыст куыд цæуы, уый тыххæй ныхас цыди, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым.**



Программон документмæ ивддзинæдтæ бахæссын бахъуыд, 2030 азмæ Уæрæсейы Хицауад кæй сфидар кодта, Цæгат Кавказы федералон зылды уыцы социалон-экономикон рæзты стратегиимæ йæ сæмхуызон кæныны тыххæй.

– Мах субъект социалон-экономикон рæзты бирæ здæхтыты хорз бæрæггæнæнтæ æвдисы. Уымæ гæсгæ куыст дарддæр хæццæ кæнын хъæуы, документтæ та – домæнтæм гæсгæ саразын æмæ сæ Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадмæ бадæттын, – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Олег Быкадоров** куыд фехъусын кодта, афтæмæй хъæуы закъоны проект саразын, Стратегимæ ивддзинæдтæ бахæсгæйæ, æмæ йæ Уæрæсейы Федераци æмæ РЦИ-Аланийы закъондæттынады домæнтæм гæсгæ æмбардзинадмæ æркæнын. Республикæйы ныртæккæ социалон-экономикон къабазы Стратегийы бындурыл архайды здæхтытæ фæфылдæр кæнын хъæуы – авдæй æртындæсмæ, ныртæккæ цы экономикон уавæр сæвзæрд, уымæ гæсгæ. Сæйрагдæр – агропромышленнон, туристон-рекреацион, медицинон, культурон-этнографион кластерты, промышленнон æмæ транспортон-логистикон комплексы, информацион технологиты, экологи æмæ климæты, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад æмæ хæххон фæзуæтты. Уымæй уæлдай ма номхыгъды – инвестицитæ æмæ инновацитæ, арæзтад æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ электрон тыхы комплекс. Ног арæзт документы æвдыст æрцæудзæн Цæгат Ирыстоны экономикон рæзты хуызæг. Уæлдай цæстдард цæудзæн республикæйы социалон-экономикон рæзтæн тынгдæр æхxуыс хъæугæ инвестицион проекттæм.

Дзанайты Барис бахæс кодта Экономикон рæзты министрадæн ведомствæты ‘хсæн кусæг къорд саразын Стратегимæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй. Хъуамæ йыл бакусой республикæйы Хицауады оргæнтæ, бынæттон администрацийы, амалхъомтæ æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ, хæдбар эксперттæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Федералон программæйы фæлгæты**

## Горæтаг скъолаты бындурон рацарæзт

**Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæстгонд цæуынц иумæйагахуырадон скъолаты бындурон цалцæджы федералон программæйы уагæвæрдтæ. Афтæ, программæйы фæлгæты ацы мæйы райдайæны бавнæлдтой 11 дзæуджыхъæуккаг скъолайы рацарæзтмæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.

Уыимæ, пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, цалцæг кæм цæуы, уыцы скъолаты ахуырадон процесс урæд не ’рцыд. Хъуыддаг уый мидæг ис нæ бахъыгдардзысты, уымæй.

Уымæй уæлдай, кæцыдæр кълæсты ахуырдзауты рæстæгмæ раивтой дыккаг радмæ. Уыимæ бастæй, ивддзинæдтæ хаст æрцыд урокты фæтк æмæ хæрæндæтты куыстмæ.

Горæты ахуырады управленийы куыд радзырдтой, хицауы хæдивæг **Къорнаты Арсены** ныхасмæ гæсгæ, цалцæггæнæн куыстытæ чи кæны, æппæт уыцы араздзжыты номхыгъдтæ лæвæрд æрцыдысты скъолаты администрацитæм æмæ хъахъхъæнæг службætæм. «Куысты бынатмæ бацæуыны размæ алкæцы цалцæггæнæг дæр хъахъхъæнæгмæ хъуамæ равдиса йæ документ», – загъта Къорнайы-фырт.



Министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уыцы куыстытæ æххæстгонд æмæ цалцæгмæ цæттæгонд бæстыхæйттæ æмæ къласты ахицæн кодтой рæстæгмæ гипсокартон къултæй. Араздзжытæ зæрдæ æвæрынц, цалцæггæнæн куыстыты уынæр æмæ рыг ахуыртæ кæй афтæмæй рохуаты нæ азайдзысты ахуырадон процессы æдасдзинады фарстатæ дæр. Афтæ, æппæт скъолаты дæр æрлæууыдысты уæлæмхасæн хъахъхъæнджытæ.

Ахуырады управленийы цæуынц 5, 7, 17, 18, 21, 25, 29, 36, 40, 42 æмæ 43 скъолаты. Амынд скъолаты бындурон цалцæг æххæстгонд æрцæудзæн дыууæ азмæ.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Æмзæххонтимæ бастдзинад**

## Юбилейтæ сбæрæг кæнынæн



**Фидæны юбилейон бæрæгбæтты кадæн ирон æхсæнæдтæ æмæ диаспорæтæ сараздзысты къорд дзыллон мадзалы. Цæгат Ирыстоны Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады минæвæрттæ, стæй фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг ирон æхсæнæдты уæнгтæ амынд хъуыддагыл баныхас кодтой.**

– Ацы аз уыдзæн мæнæ ахæм юбилейтæ: Ирыстон Уæрæсеимæ иукæнынадыл æххæст кæны 250 азы, Дзæуджыхъæуы сæвзæрдыл – 240 азы, Хетæгкаты Къостайы райгуырдыл – 165 азы, Цæгат Ирыстоны автономийыл – 100 азы æмæ афтæ дарддæр. Уæрæсейаг регионты æмæ фæсарæйнаг бæстæты цæрæг ирон æхсæнæдты уæнгтимæ ныхас кæнæм. Ирон адæмы æгъдæуттæ æмæ культурæйы тыххæй хабæрттæ кæм радзурдзыстæм, нæ зæрды ис дæсгай ахæм дзыллон мадзæлттæ саразын, – зæгъы амынд министрады разамонæджы хæдивæг **Къуымæллæггаты Олег.**

«Ирон культурæйы бонтæ» Екатеринбурджы, Сочийы, Краснодар æмæ Республикæ Хъырымы кæй ацæудзысты, ныридæгæн ууыл баныхас кодтой. Республикæ Цæгат Ирыстоны сæвзæрдыл 100 азы кæй æххæст кæны, уый кадæн Екатеринбурджы сараздзысты чингуытæ æмæ нывты равдыст, стæй дзы амондзысты уроктæ. Дард Скæсæны федералон зылды ацæудзысты чингуыты равдыстытæ, стæй дзы æвдисдзысты Ирыстоны тыххæй кинонывтæ. Мæскуыйы дæр уыдзæн ирон культурæйы фестиваль Республикæ Цæгат Ирыстоны сæвзæрды юбилейы темæйыл равдыст. Хетæгкаты Къостайы райгуырдыл 165 азы кæй æххæст кæны, уый кадæн Хъæрæсе-Черкесийы Лабæйы хъæуы ацæудзысты номарæн мадзæлттæ.

**Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады пресс-службæ**

**Нысантæ**

## Электрон хызты цалцæг

**«Россети Цæгат Кавказ»-ы филиалы специалисттæ ацы аз сцалцæг кæндзысты, сæ дæргъ 32 километры кæмæн у, ахæм электрон тыхдæттæг уæлдæфон 10 тæлмы, сæ хъомыс — 35-110 кВ. Уый руаджы Рахизфарсы, Мæздæджы, Кировы, Æрыдоны, Алагиры районты æмæ Дзæуджыхъæуы 150 мин фæлхасгæнæджы исдзысты хæрзхъæд электрон тых.**

Пъланмæ бахастой «Нузал-Фыййагдон»-ы уæлдæфон тæлм аивыны нысан дæр. Уыцы мадзæлтты руаджы 36 мин фæлхасгæнæджы электрон тых æнæкъуылымпытæй исдзысты, уæдæ сыхаг Хуссар Ирыстонмæ дæр энергетикон фæрæз фæхæццæ уыдзæн. Мæздæджы районы куыст цæуы электрон тыхдæттæг тæлм «Мæздæг-Терек»-ыл, хызтæ дыууæ стыр дæлстанцæйы иу кæнынц. Ацы ран дæр спайда кæндзысты 110 кВ хъомысæй.

Энергетикон объектты руаджы районы 50 мин цæрæджы æмæ социалон ахадындзинадимæ кусæндæттæ исынц электрон тых. Апрел-майы «Цæгкавказэнерго» бавналдзæн 35 кВ хъомысимæ электрон тыхдæттæг хызтæ «Хуссар-Ныгуылæн-Ирыстон»-ы цалцæгмæ. Бæрзонд вольттимæ электрон хыз цалцæггонд куы ’рцæуа, уæд Дзæуджыхъæуы донисæнмæ энергетикон 23 гектарыл æвæрд сты, уыдон. Æппæт ацы мадзæлттæ конд цæуынц «Цæгкавказэнерго»-йы техникон лæггæдты æмæ энергообъектты цалцæджы программæйы фæлгæты, сты 2024 азы пъладæтдзæн, цæрджыты 1,5 мины дæр æххæст уыдзысты электрон тыхæй.



Азы дæргъы энергетиктæ баивдзысты цæджындзтæ, кæцыдæртæ срасткæндзысты, изоляторты 400 иуæджы сног кæндзысты. Хъæды æмæ къутæрты зайæгойтæй ссыгъдæг кæндзысты, электрон хызты цæджындзтæ цыны. Æппæт нысантæ царды куы бантысой, уæд электрон тыхы хызты комплекс цæттæ уыдзæн ныллæг температурæты уавæры дæр æнæкъуыхцыйæ кусынмæ.

**«Россети Цæгат Кавказ»-ы пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*Фыдæлты цард махæй дард у.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

**Боныхъæд** Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **11 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **10-12 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 13,14**

Хурыскаст — 05,25
Хурныгуылд — 18,39

**Валютæйы аргъ**

Доллар — 93,19
Евро — 101,26

12 +

**Архайд**

# Æфтиæгтæ, хæрдзтæ, исбон – ныхас семинары

**Паддзахадон æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты коррупцион цаутæ ма 'руадзыныл архайæг кусджытæн скодтой æфтиæгтæ, хæрдзтæ, исбоны тыххæй хабæрттæ афойнадыл бадæттыны, исбонимæ баст хæстæ æмгъуыдмæ æххæст кæныны практикон семинар.**



Семинар бантыст РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цур коррупцийы ныхмæ тохы управленийы кусджыты руаджы. Ныхас бацахстой æфтиæгты æмæ хæрдзты компанийы хицæндзинæдтæ, уæлдай æргом аздæхтой коррупцийы ныхмæ закъонæвæрынадмæ.

Закъон куыд домы, афтæмæй хъуамæ паддзахадон граждайнаг æмæ муниципалон службæгæнджытæ се 'фтиæгтæ, хæрдзтæ, исбоны æмæ исбонимæ баст хæстæ афойнадыл æххæст кæной, бæрæггæнæнтæ дæттой.

Семинар саразджытæ службæгæнджытæн сæ зæрдыл æрлæууын кодтой фарстайы ахсджиагдзинад, документмæ æппæт бæрæггæнæнтæ дæр хæссын кæй хъæуы, уый. Арæх рæдыдтытæ дæр æруадзынц службæгæнджытæ, уыдонмæ дæр æргом аздæхтой.

Хицæнæй фæбæрæг кодтой бæрæггæнæнтæ бадæттыны тыххæй методикон амынддзинæдтæ, уыдон рауагъта Уæрæсейы Фæллойы министрад. Семинары архайджытæ сæ фарстытæн райстой бæлвырд æмæ æххæст дзуаппытæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Социалон фондæй**

# Ныййарджытæн – уæлæмхасæн фæлладуадзæн бонтæ

**Инвалид сывæллон чи хъомыл кæны, уыцы ныййарджытæн кæнæ æвджиддартæн алы мæй дæр паддзахад дæтты уæлæмхасæн цыппар фæлладуадзæн боны. Уыдонæй спайда кæнын йæ бон у ныййарджытæй сæ иуæн кæнæ сæ се 'хсæн адих кæнын, куыд сæ бафæнда, афтæ. Науæд та сæ афæдзы дæргъы сæ бон у æмбырд кæнын, стæй сæ спайда кæнын уыцы иу рæстæг.**

Афтæмæй, Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад бафыста 500 ахæм уæлæмхасæн бонæн. Уыимæ, ныййарджытæн сæ бон у уыцы цыппар бонæй пайда кæнын, къуыритæ куыд цæуынц, афтæ мæйы дæргъы, кæнæ та сæ бамбырд кæнын, стæй, адæймаджы йæхи куы бахъæуой, уæд сæ спайда кæнын.

– Ахæм бар ныййарджытæн кæнæ æвдджиддартæн дæтты УФ-йы Фæллойадон кодексы 262 статья. Алы фæлладуадзæн бонæн дæр фыст цæуы мызд, – зæгъы УФ-йы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайады разамонæг **Таболты Сергей**.

Уæлæмхасæн фæлладуадзæн бонтæ райсынæн ныффысынæн æмбæлгæ курдиат æмæ Социалон фондмæ бадæттын ахæм документтæ:

– медико-социалон экспертизæ (Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 93 хæдзар) кæй дæтты, инвалиды ахæм гæххæтт;

– инвалид сывæллон кæм цæры, уый амонæг гæххæтт;

– сывæллонæн йæ райгуырды (хæссынмæ йæ райсыны кæнæ йыл æвджид кæныны) тыххæй æвдисæндар;

– иннæ ныййарæгæн (æвджиддарæн) йæ куысты бынатæй гæххæтт.




Сæвзæргæ æппæт фарстыты тыххæй дзурын хъæуы республикæйы Социалон фонды ахæм телефонмæ: 8-800-100-00-01.

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

**Хъæууон хæдзарад**

# Горæтгæрон районы агропромышленнон къабазы уавæр æмæ йæ лыггæнинаг фарстатæ

**Нæ республикæйы хъæуты цæрæг адæмæн нывыл уавæртæ цæмæй уа, уый тынгдæр аразгæ у, хъæууон хæдзарады къабаз дзы цас æнтыстджын у, йæ размæцыдæн цавæр гæнæнтæ æмæ амæлттæ ис, уымæй. Хъуыддаг уæлдай ахсджиагдæр ссис, гæрæнты аххосæй фæсарæйнаг продукци мидбæстон хъæууонхæдзарадон товартæй баивын куы бахъуыд, уæд.**





Уæдæ куыд у уыцы уавæр нæ республикæйы Горæтгæрон районы? Фыццаджыдæр, зæгъын хъæуы, хъæууонхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæ дзы кæй ис 40 мин гектарæй фылдæр, уыдонæй хуымзæххытæ – 21 мин гектары. Се 'ппæт дæр хуымгонд æрцæуынц. Раздæрау, районы хуымзæххытæн сæ фылдæр бацахсынц мæнæу, нартхор æмæ картоф. Уымæй уæлдай ма кæнынц æхсынæн, соя, спаржæ, зокъотæ, дыргътæ, халсартæ æмæ æндæр культурты куыст.

Ныртæккæ районы кусынц хъæууонхæдзарадон продукци уадзæг исбонады алы хуызы 330 куыстуаты.

Горæтгæрон районæн йæ экономикон уавæр нывыл кæй у æмæ размæ кæй цæуы, уый фæрцы фылдæр кæнынц, йе 'ргом æм чи аздæхта, уыцы инвестортæ. Район цы инвестицион проекттæ æххæст кæны, уыдонæн сæ егъаудæр у «Казачий хутор». «1156 гектарыл фæткъуыбæлæсты дыргъдон саразын»-ы проектæн йæ аргъ у 13956 милуан сомы, йæ сæххæст кæнын æмгъуыд та – 2016-2024 азтæ. Арæзт æрцæудзæн, фæткъуыйы 50 мин тоннæйы бавæрæн кæм уыдзæн, дыргъдарæн ахæм бынат. Уыдзæн дзы дыргътæ дарынæн контейнертæ аразæн цех. Проекты фæрцы фæзындзæн 730 куысты бынаты. Фæткъуыбæлæстæ нырыдæгæн сагъд æрцыд 1000 гектарыл. Дыргъдарæны бæстыхай дæр у цæттæ.

Иннæ егъау инвестор у æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Тепличный комплекс Алании». Нæ республикæйы уый аразы хъæрмуæтты комплекс. Проектæн йæ аргъ у 18159 милуан сомы, йæ сæххæст кæныны æмгъуыд – 2023-2025 азтæ. Проектмæ гæсгæ хъæрмуæтты сагъд æрцæудзæн дыргътæ æмæ халсартæ, уыдон бацахсдзысты æхгæд зæххыты 60,2 гектары. Проект сæххæст кæныны тыххæй, республикæйы Сæргълæууæджы унаффæмæ гæсгæ, æнæххæст бæрнондзинады æхсæнадæн æнæ конкурс саразгæйæ зæххы хай лæвæрд æрцыд хаццоны. Йæ хъомысмæ гæсгæ куыстуат афæдзмæ дæтдзæн пъæмидорты 18,8 мин тоннæйы. Проекты фæрцы фæзындзæн 876 куысты бынаты.

Æнæххæст бæрнондзинады иннæ æхсæнад «Долина спаржи» архайдзæн Цæгат Кавказы спаржæ садзыныл æмæ йæ бакусыныл. Йæ хъомысмæ гæсгæ абон уый у, спаржæйы куыст чи кæны, иунæг ахæм куыстуат æппæт Уæрæсейы. Зæххыты 55 гектарыл бакодтой спаржæйы 15 хуызы. Нырыдæгæн арæзт æрцыд ног тыллæг бакусыны, дарыны йæ æмæ дзы консервтæ кæныны цех. Проект сæххæст кæныны æмгъуыд у 2021-2030 азтæм. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй дзы уыдзæн 19 иудадзыгон æмæ 100-йæ фылдæр рæстæгмæйы куыстыты бынæттæ. Проекты аргъ у 500 милуан сомы.

Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Фат-Агро» Джызæлы аразы, хæрзмыггаг картофы куыст чи кæндзæн, хæрзмыггаг-селекцион ахæм комплекс. Проекты иумæйаг аргъ у 183,9 милуан сомы.

Инвестицион проекттæ æххæст кæнынæй уæлдай, Горæтгæрон районы агропромышленнон комплекс райрæзынæн ахъаз сты гранттæ æмæ субсидитæ дæттыны паддзахадон программæтæ. «Агростартап» æмæ «Развитие семейных ферм», зæгъгæ, программæтæм гæсгæ æххуыс чи райста, уыдоны нымæцæй Горæтгæрон район, республикæйы иннæ районтимæ абаргæйæ, рацыд раззаг бынатмæ. Райдайгæ фермертæ грантты хуызы цы æххуыс райстой, уый, 2022 азимæ абаргæйæ, фæфылдæр 33 проценты æмæ рауад 61,1 милуан сомы. Уыдонæй 21,1 милуан сомы лæвæрд æрцыд, зæхкусæг-фермерон хæдзарад чи дары, 14 ахæм амалхъомтæн, фосдарынады куыст чи кæны, уыдонæн та æхсæзæй – 40 милуан сомы иумæйагæй. Иннæ амалхъомтæн – фосдарынады, кæсагдарыны, мыдыбындзытæ дарыны, зайæгойты куыст чи кæны – уыдонæн сæ хæрдзты ныхмæ субсидиты хуызы иумæйагæй лæвæрд æрцыд 765 милуан сомы. 2022 азимæ абаргæйæ, уый у авд хатты фылдæр: уæд хъæууонхæдзарадон амалхъомтæн субсидитæ уыд æрмæстдæр 101,3 милуан сомы бæрц.

Районы хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ ивгъуыд аз радтой дзидзайы 2615 тоннæйы (2022 азимæ абаргæйæ, 75 проценты фылдæр), æхсыры 4 764 тоннæйы (уый та 22 проценты къаддæр), æйчытæ – 4,3 милуаны (52 проценты фылдæр, 2022 азимæ абаргæйæ). Картофы тыллæг сæм рауад 12,4 мин тоннæйы, нартхор нæмыгæн – 123 мин тоннæйы, соя – 1,5 мин тоннæйы, фæззыгæндтæ – 1,2 мин тоннæйы, халсартæ (уыимæ, спаржæ дæр) – 150 тоннæйы.

Районы агропромышленнон комплекс райрæзын кæныны хъуыддаджы ис сагъæссаг фарстатæ дæр. Сæ ахсджиагдæр – хъæууонхæдзарадон кусæгæн йæ продукци ауæй кæнынæн гæнæнтæ кæй нæ вæййы, уый (хоры культуртæй фæстæмæ). Раздæр ма уыд паддзахадон æлхæнинæгты системæ, æмæ йыл товаруадзджытæ зæрдæ дардтой, сæ къухты фæллой уæйгонд кæй æрцæудзæн. Абон та адæймаг йæхæдæг хъуамæ амæлттæ кæна. Стыр дуканиты тæрхæджытæм цæмæй сæ продукци бахауа, ахæм гæнæнтæ бынæттон товаруадзджытæн, хъыгагæн, нæй. Уый аххосæй хоры культуртæм се 'ргом азæйазмæ тынгдæр здахынц. Фæлæ районы агропромышленнон комплексы уавæр уымæй нæ фæхуыздæр уыдзæн, æмæ уый у, районы разамынды йе 'ргом аздахын кæмæ хъæуы, лыггæнинаг ахæм фарста.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Хъайтартæ нæ мæлынц**

# «Йæ фидар удыхъæд рабæрæг хæсты быдыры...»

**Мæскуыйы ирæтты æхсæнады уæнг, йæ разæнгарддæр архайджытæй иу ХЪАРАТЫ Марат мын афтæ радзырдта:**



– Ивгъуыд азы февралы кæроны мæм æрбадзырдта Эдик æмæ загъта, Авдеевкæйы бынмæ кæй хæцынц, уавæр тынг вазыгджын кæй у, знæгтæ горæтæй æнæбасæтгæ фидар кæй саразтой, уый. Загъта: «Уый байсын, басæттын æнцон нæ уыдзæн, фæлæ мах ничи бауромдзæн, абон уа, райсом – нæ къухты уыдзæн... Ууыл дызæрдыг мачи кæнæд... Мænæ гъеныр фæцæуæм промзонæмæ».

Уыдон уыдысты, **Байцаты Эдуардæй** фæстаг хатт кæй фехъуыстон, уыцы ныхæстæ. Бирæ нал рацыд, æмæ нæм сыхъуыст йæ мæлæты хабар...

О, афæдзы размæ аскъуыд йæ цард Ирыстоны сахъгуырдтæй иу – Байцаты Ильяйы фырт Эдуардæн (йæ фæсномыг – «Граф»). Авдеевкæ карз тохы фæстæ байстой Уæрæсейы æфсæдтæ, сæ размæбырсæг хæстонты фыццаг рæнхъыты йе 'мбæлттимæ иудадзыгдæр уыдис Эдуард дæр...

Æцæг хæстон лæг басгуыхт Эдуард. Раздæр азты йе 'фсæддон хæстæ æххæст кодта Сирийы, Ливийы, Африкæйы Централон Республикæйы, сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд ветеранты сæрмагонд командæйы рæнхъыты æрлæууыд. Уыдис ротæйы командыгæнæджы хæдивæг. Командыгæнæг (йæ фæсномыг – «Морпех»), Уæрæсейы Хъæбатыр, дыууæ хатты равдыста Эдуарды Уæрæсейы Хъæбатыры ном райсынмæ (фæстаг хатт – мæлæты фæстæ).

Æнæ зæгъæн нæй уый тыххæй дæр, æмæ 2004 азы Эдуард уыдис хъазахъхъаг атаманы æфсæддон хайы, уæд ын саккаг кодтой хъазахъхъаг афицеры цин дæр – есаул, уый у Уæрæсейы Гæрзифтонг Тыхты майоры цины æмбæрц.

Эдуардæн раттой бæрзонд паддзахадон хæрзиуджытæ – майдан «Æхсардзинады тыххæй», орден «Лæгдзинад», майдан «Хæстон быцæуты архайыны тыххæй» æмæ майдан «Ирыстоны Намысæн» (йæ мæлæты фæстæ).

Ивгъуыд сабаты уыдис Байцаты Эдуарды афæдзы кæнд. Æрбацыдысты йæм канд хиуæттæ, хæстæджытæ, æмхъæуккæгтæ нæ, фæлæ зонгæтæ, хæлæрттæ, йæ кæддæры æмкъласонтæ, хæстон æмбæлттæ, Æппæтуæрæсеон æхсæнадон организаци «Хъазахъхъæгты цæдис»-ы минæвæрттæ. Хæрнæджы фынджы мыггаджы номæй **Байцаты Игорь** зæрдиаг арфæ ракодта æрцæуæг адæмæн се 'ппæтæн дæр, ракуырдта сын Стыр Хуыцауæй, цæмæй сæхи хæдзæртты хорздзинæдтæ цæуа, сæ кæстæртæ амондимæ цæрой сабыр арвы бын.

Фæстæдæр мах ракуырдтам Игорæй се 'рвады тыххæй радзурын – удыхъæдæй цавæр адæймаг уыдис Эдуард, адæмимæ цæргæйæ, цавæр фæзминаг миниуджытæй хайджын уыд, йæ хæстæджытæ, зонгæтæ, хæлæрттæ йын тынгдæр цæмæ гæсгæ уæлдай стыр кад кодтой.

– Эдик – мах æй афтæ хуыдтам – мæнæй дзæвгар кæстæр уыдис. Кæрæдзимæ ам хæстæг цардыстæм. Æмæ суанг бинонты хъуыддаг дæр нæма бакодта, афтæмæй йæ уыдтон, куыд æгъдауылхæст лæппу уыдис, бахъуыды заман йе 'ххуысы хай раттынмæ куыд никуы зивæг кодта канд йæхиуæттæн, мыггагæн нæ, фæлæ сыхбæстæн, зонгæтæн, хæлæрттæн дæр... Фæлмæнзæрдæ, раст, æнæсайд адæймаг...

Уæлдай дисы мæ бафтыдта, хæсты быдырæй мæм йе сгуыхтдзинæдты хабæрттæ хъуысын куы райдыдтой, уæд. Ахæм фæлмæнзæрдæ уæвгæйæ, къæдзæхы хуызæн фидар удыхъæд равдисдзæн, хæсты быдыры йын уыцы миниуæг афтæ ирдæй рабæрæг уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Дзæгъæл хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: алы адæймагæн йæ уды мидис, йæ хъару зын фæлварæнты рабæрæг вæййынц.

Цы бакæнæм, адзалæн мадзал нæй, рухс дзæнæты бадæд Эдик, йæ æвæджиауы сгуыхтдзинæдтæ рох никуы уыдзысты.

Дзæбæх бинонтæ йын баззад – йæ цардæмбал Нанули, дыууæ хъæбулы – чызджытæ София æмæ Мария. Уырны нæ: уыдон сæ хъæбатыр фыды ном бæрзонд хæсдзысты, йæ кад ын дæлæмæ не 'руадздзысты, – радзырдта Игорь.

Цалдæр ныхасы зæгъын ракуырдтам Цæгат Ирыстоны Парламенты депутат, Адæмон фронты уæнг, æхсæнад «Русь»-ы сæрдар **Андрей Поповæй** дæр:

– Эдикы хъуыды кæнын мæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ, ахуыр дæр кодтам иу ран – Дзæуджыхъæуы 22-æм астæуккаг скъолайы. Ныр кæм хæцыди, уырдæм цалдæр хатты аластам гуманитарон æххуыс ме 'мкусджытимæ. Фæстаг хатт æй агуырдтон йе 'фсæддон хайы, фæлæ уым нæ уыд, йæ фæллад уадзынмæ, дам, ацыд. Уый фæстæ йæ никуыуал федтон.

Ацы азы 23 февралы агъоммæ та байгом кодтам 22-æм скъолайы номарæн къæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ чи фæмард, скъолайы уыцы цыппар рауагъдонæн, семæ сты Байцаты Эдуард («Граф»), Мамиаты Олег («Мамай») æмæ ма ноджы дыууæ лæппуйы...

Интернеты бирæ æрмæг ис, сæрмагонд æфсæддон операцийы цы бирæ ирон фæсивæд архайы, уыдоныл. Се 'хсар, сæ лæгдзинадыл фыссынц Уæрæсейы алы адæмыхæттыты минæвæрттæ. Ам, Ирыстоны, махæй алчи кувы æмæ куры Хуыцауæй, Уастырджийæ, зæдтæ æмæ дауджытæй, цæмæй хъахъхъæной нæ сахъгуырдты æмæ ныл дзæбæхæй, сæрæгасæй сæмбæлой...

Ацы æмдзæвгæ Эдуарды номыл ныффыста йæ хæстон æмбæлттæй иу, уырыссаг лæппу. Æмæ растыл банымадтам нæ уацхъуыды кæронбæтттæны æмдзæвгæйæ иу цалдæр рæнхъы раттын æнæ тæлмацæй. Махмæ гæсгæ, ирдæй æвдисынц, лæппутæ Эдуардмæ цы зæрдæ дардтой, куыд стыр аргъ ын кодтой, уый.

***Всегда была улыбка на лице,***
***И не давал он слабого в обиду,***
***Людского было много в том бойце,***
***Он был стальным внутри, веселым с виду.***
***Но штурм его последний был вчера***
***В посадках близ Авдеевских околиц,***
***Со счетом «двести» его кончилась игра,***
***Но сделал штурм победным доброволец.***

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

**Фæндаггон фæтк**

# Сывæллæтты æдасдзинадæн

**Фыдбылызæй адæмы бахизынмæ арæзт дзыллон мадзал «Цæстдард - сывæллæттæм!» æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ Æрыдоны районы мидхъуыддæгты хайады автоинспектор, пъæлицæйы хистæр лейтенант ТАУАСИТЫ Евгения æмæ æнахъомты хъуыддæгты инспектор, пъæлицæйы капитан НОГЪАЙТЫ Зæлинæйæн уыд хъуыддаджы фембæлд Æрыдоны 3-æм скъолайы ахуырдзаутимæ.**



Барадхъахъхъæнджытæ скъоладзаутæн бафæдзæхстой велосипедтæ, электросамокаттæ æмæ индивидуалон цыды æндæр фæрæзтæ скъæрыны заман фæндагыл цыды фæтк бæстон æххæст кæнын, стæй хъахъхъæнæн фæрæзтæй хи сифтонг кæнын. Пъæлицæйы кусджыты ныхасмæ гæсгæ, транспортон фæрæзтæ кæуыл цæуынц, ахæм фæндаджы сæрты фистæг бæлццæтты бацæуæныл цæугæйæ, велосипедист æмæ самокатскъæрæджы хæс у хи транспортон фæрæзæй æрхизын æмæ фæндаджы сæрты фистæгæй бацæуын.

Адæймаг йе 'ргом кæмæ здахы, барадхъахъхъæнджыты ныхасмæ гæсгæ, велосипед, кæнæ электросамокат скъæрыны заман ахæм хъусæнтæ æмæ гаджеттæй пайда кæнын не 'мбæлы.

Æрыдоны районы автоинспектортæ ныййарджытæн фæдзæхсынц велосипедтæ æмæ электросамокаттæ скъæрæг сывæллæттæм цæст бæстон дарын.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы пресс-службæ**

Аивад

# Премийы номинантты номхыгъдмæ

**Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион театр фыццаг хатт бахастой Уæрæсейы национ театралон преми «Сыгъзæрæин маскæ»-йы номинантты номхыгъдмæ.**



Спектакль «Къарол Лир» бавдыстой цыппар номинацимæ:

Драмæ /Стыр хуызы спектакль – спектакль «Къарол Лир»;

Драмæ/Режиссеры куыст – **Уалыты Гиви;**

Драмæ /Нæлгоймаджы роль – **Æлбегаты Алан**;

Драмæ / Сылгоймаджы роль – **Æгкацаты Аминæ**.

1993 азы бындур кæмæн сæвæрдтой, Уæрæсейы уыцы национ театралон преми «Сыгъзæрин маскæ» дæттынц театралон аивады æппæт жанрты спектакльтæн – драмæйæн, оперæ, балет, нырыккон кафт, опереттæ, мюзикл æмæ куклаты театрæн.

Æрвылаз уалдзæджы Мæскуыйы кæй саразынц, уыцы æппæтуæрæсеон театралон фестиваль «Сыгъзæрин маскæ»-мæ бæстæйы алыхуызон регионтæй æрбаласынц æппæтæй мидисджындæр спектакльтæ.

Театралон критиктæй арæзт Экспертон советтæ фестивалы архайынæн спектакльтæ æмæ премийы «Сыгъзæрин маскæ»-мæ кандидатты равзарынц. «Сыгъзæрин маскæ»-йы жюрийы уæнгтæм хауынц актертæ, режиссертæ, дирижертæ, кафтамонджытæ æмæ театралон нывгæнджытæ.

Ацы азы 12 апрелы премийы Экспертон советы уæнгтæ цæгаткавказаг театры куыстæн аргъ кæндзысты.

«Гамлет»-ы æмрæнхъ Уильям Шекспиры стырдæр сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæй иуыл нымад чи у, уыцы спектакль «Къарол Лир» ирыстойнаг аивадуарзджытæм кадджын у. 1606 азы астæузаман англисаг таурæгъты бындурыл кæй сфæлдыстой, ныр цыппарсæдæйæ фылдæр азы дæргъы дунейы театртæ уыцы спектакль æвдисынц.

Цæгатирыстойнаг театры режиссер æмæ аивадон разамонæг Уалыты Гиви спектакльтæ æвдисыны фæдыл куыст биноныг æххæст кæны.

– Егъау, тыхджын бæстæ Советон Цæдис куы фехæлд, ацы спектакль нæ зонгæ кæны ивгъуыд æнусы кæроны ахæм æууæлтимæ. Ацы хъуыддаг англисаг пьесæйы кæй ссардтам, уый бирæйыл дзурæг у, – зæгъы Уалыйы-фырт.

Ирон театр зындгонд драматург Уильям Шекспиры фыст пьесæтæм гæсгæ кæй равдыста, уыцы спектакльты ’хсæн сты мæнæ ахæмтæ: «Отелло», «Ромео æмæ Джульеттæ», «Гамлет», «Макбет», «Къарол Лир», «Хивæнд чызг», «12-æм æхсæв», «Кориолан», «Тимон Афинаг» æмæ æндæртæ

**РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты хъуыддæгты комитеты пресс-службæ**



Æхсызгон цау

# Интерактивон экскурси туристтæн



**Базарадон-экономикон паддзахадон колледжы ацы бонты цæуы дзыхæйдзургæ æмæ культурæйы къуыри. Йæ фæлгæты сарæзтой виртуалон экскурси æмæ йæм фæхуыдтой уазджыты республикæйы куыстуæттæ æмæ скъолатæй.**

Колледжы «Туризм æмæ уазæгуарзондзинад»-ы факультеты студенттæн сæ сæйраг нысан у сæ дæсныйад бындуронæй базонын. Куыд ис, нырыккон техникон фæрæзтæй спайда кæнгæйæ, æндæр горæтты чи цæры, уыдонæн нæ республикæйы цымыдисаг бынæттæ равдисæн? Сфæлдыстадон æгъдауæй экскурсион маршрут равдисынмæ студентты сразæнгард кодтой, колле-джы ахуыр æмæ куыстæн ахæм хорз фадæттæ кæй ис, уый. Йæ разамонæг **Æбиты Валери** ацы фарстамæ йæ хъус тынг дары, бацархайдта æппæт кълæстæ нырыккон техникæйæ сифтонг кæныныл.

Фыццаг æмæ дыккаг курсыты студенттæ æрхъуыды кодтой æмæ, интернетæй спайда кæнгæйæ, сарæзтой дæрддзæф, кæнæ виртуалон экскурси. Цæмæй йæ республикæйы уазджытæ хуыздæр бамбарой, уый тыххæй систой чысыл киноныв. Маршрут райдыдта «Дзæуджыхъæу»-ы аэропортæй. Хæдтæхæгыл стахтысты уазджытæ, студенттæ сын сæ цæсгæмттæ электронон хуызы бавæрдтой хæдтæхæджы салоны. Уырдыгæй рацæугæйæ, автобус бауромдзæн горæты æрбацæуæны «Фатимæ»-йы цур. Виртуалон экскурси дарддæр ахæссы йæ кæсджыты рес-публикæйы зындгонд бынæттæм, се’хсæн – куыд историкон-культурон цыртдзæвæнтæ, афтæ, Уæлахизы кадæн цы мемориалон комплекстæ ис, уыдон. Джызæл, Дзуарыхъæу, æхсыры завод Мастер-Прайм «Березка» та у экскурсийы кæронбæттæн. Ам уазджытæн сæ бон у хъæууон хъæдзарадимæ виртуалон æгъдауæй базонгæ уæвын, бакæсын фермæйы куыстмæ. Афтæ, студенттæ равдыстой сæ арæхстдзинад, æмæ, сæ фидæны дæсныйад куыд æмбарынц, уый.

Тынг æхсызгонæй сæмбæлдысты ацы виртуалон мадзалыл заводы минæвæрттæ **Адырхаты Светланæ** æмæ **Наталья Оробинская**, Дæллаг Санибайы скъоладзаутæ æмæ Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты хъомылгæнинæгтæ.

«Уазджытæн равдыстам чысыл концерт, колледжы цы аивадон къордтæ ис, уыдоны хъаруйæ. Вокалон студийы разамонæг **Евгения Скалдина** æмæ адæмон кæфтыты ансамблы разамонæг **Дзанайты Жаннæ** сæ хъомылгæнинæгтимæ саив кодтой ацы хъæугæ мадзал. Бацархайдтам, цæмæй нæ уазджытæ ацæуой райгондæй æмæ хъæугæ зонындзинæдтимæ», – зæгъы разамонæджы хæдивæг **Дзусты Беллæ.**

**МАМИАТЫ Лолитæ**

Бафæзминаг хъуыддаг

# Томайты мыггаджы чиныг

**Уæрæсе егъау у, кæуылты у, кæ! Цæры дзы бирæ алыхуызон адæмыхæттытæ, сæ мыггæгтæ – æнæкæрон. Фæлæ æрмæст уырыссæгты мыггæгтæ куы райсæм, уæд дзы иуæй-иутæ арæх æмбæлынц, иннæтæ – стæмтæ. Нымæцæй милуантæ сты, уæдæ тынг бирæ – сæ мыггæгтæ дæр, фæлæ хæстæгдзинадæй кæрæдзимæ дард лæууынц, тынг дард. Ома, махмæ, ирон адæммæ, куыд æввахс нымад цæуынц хиуон, хæстæг, къабаз, афтæ не сты…**

Ирыстоны дæр 100 адæмыхаттæй фылдæр цæры, фæлæ ирон цæрæг адæмы ’хсæн тынг нымад у хиуон, хæстæг, къабаз. Ирæтты куы райсæм, Цæгатæй – Хуссармæ, Хуссарæй – Цæгатмæ, уæд рагфыдæлтæй абонмæ се ’хсæн ис фидар бастдзинад æмæ ахастдзинæдтæ. Кæрæдзийыл фембæлгæйæ, афæрсынц: кæцæй рали-дзгæ стут, кæй хæрæфырт дæ æмæ афтæ дарддæр. Афтæмæй, ныхасныхасы фæстæ æмæ фæстагмæ фылдæр разынынц къабазджын: иу артæй байуаргæ, иу туг, иу стæг. Ирыстон, Уæрæсеимæ абаргæйæ, армытъæпæны йас йеддæмæ нæу. Уый тыххæй фыста йе ’мдзæвгæты æмбырдгонды ирон зындгонд поэт Тетцойты Таймураз (“Осетия на ладони»).




Цæгат Ирыстоны фондз комæй цы мыггæгтæ рацыд алы рæстæджыты нæ рагфыдæлты бынæттæй быдырмæ хуыздæр цард агурæг, уыдон уыдысты тынг бирæ мыггæгтæ… Фæнды мæ зæгъын, нæ ирон адæм – æгъдауыл хæст æмæ сæрбæрзонд сæ уаг, сæ раст зондахастæй, сæрибары фарс хæцæг адæм, ирон фарн бæрзонд чи хæссы, ахæм рæстуд æмæ фæзминаг дзыллæ кæй сты. Фыдæлты нæртон уагыл хæцгæйæ, сæрбахъуыды рæстæг, фæстейы никуы фæлæууыдысты ирон лæппутæ, афтæ фæзæгъынц ирон лæгтæ: «Æз мæ фыды фырт дæн!» «Æз мæ мыггаджы хъæбул дæн!» «Мæнмæ ирон туг ис!» «Æз ирон дæн!» Уыцы хъуыддагыл ис бирæ дзурæн, æмæ дызæрдыггаг нæу абоны фæлдурæджджын зын царды…

Æмæ, диссаг куыннæ у, уыцы ныхæстæ нæ нæртон адæм фæзæгъынц зæрдæйæ, сомыйагау, табуйагæй, сæрыстыр æмæ сæрбæрзондæй! Уырны нæ, стæй дызæрдыггаг нæу, дарддæр дæр, кæмфæнды куы уой, уæддæр нæ ирон дзыллæтæ – нæ туг, не стæг бæрзонд кæй хæсдзысты фыдæлты кад, намыс æмæ ном!

Фæстаг азты Ирыстоны цæрджытæй бирæ ирон мыггæгтæ скодтой Мыггæгты чингуытæ: Томайтæ, Гæгкуытæ, Рубайтæ, Гæлæбутæ… Уый стыр бафæзминаг хъуыддаг у.

Фæнды мæ зæгъын дыууæ ныхасы Томайты мыггаджы чиныджы тыххæй. Рацыд 2016 азы. Йæ автортæ сты Томайты æртæ ’фсымæр.. Чиныджы ис цалдæр хицæн сæргонды, æппæты раздæр та – цыбыр æркаст – автортæ, разныхас Томайты мыггаджы тыххæй, стæй уæд – Томайты мыггаджы советы тыххæй.

**Авторты тыххæй. Разныхас. Томайтæ – Знон æмæ абон. Мыггаджы совет.**

**1. Томайты мыггаджы истори.**

Мыггаджы уидæгтæ. Историйы тымыгъты. Томайты цæрæнбынæттæ æмæ фæндæгтæ.

Сæ хъæбатыртæ æмæ хъысмæттæ.

**2. Сæ рухс кувæндæттæ. Фольклор.**

Кувæндæтты-дзуæртты арæзт. Хъæбатыртыл зарджытæ. Дзургæ радзырдтæ.

**3. Хъысмæты фæндæгтæ.**

**4. Бинонты рæзты хабæрттæ æмæ портреттæ.**

Чиныг у егъау, ис дзы хицæн бинонты тыххæй раныхæстæ æмæ ма сæ къамтæ.

Дугты цыды Томайты мыггагæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бирæтæ фесæфт æбæрæгæй, бирæтæ дзы 20-30-50 азты æнахосæй бахаудысты репресситы. Уыдоны хыгъд фенæн ис чиныджы (68-77) фæрстыл. Сæ хъæбатыр лæгтыл, Томайты Тæтæрхъан æмæ Томайты Мæхæмæтыл зарджытæ абон дæр райхъуысынц радио «Алани»-йы уылæнтыл.

Рагæй фæстæмæ дæр Томайтæ куывтой æмæ кувынц Æвзæнгады дзуармæ, алы аз дæр æм фæцæуынц. Уымæй уæлдай ма кувынц Къорайы хъæуы зæдмæ, Рекоммæ, Никъусайы дзуармæ, Зæнджы Уастырджимæ, Аларды æмæ Хъæриуы зæдтæм.

Томайтæ арфæ кæнынц, чиныг рауадзыныл зæрдиагæй чи бакуыста, чи бацархайдта, уыдонæн. Сæ иу – Томайты Ислам. Цы фыдæбæттæ кæныс, Ислам, нæ фыдæлты кад æмæ номæн, сæ намыс æмæ сæрыстырдзинадæн хæхбæсты Куырттаты комæй быдырмæ абоны онг, уыдон сты æгæрон лæггæдтæ, æмæ дын фылдæр бантысæд. Æнæниз нын у, бинонты амонд æмæ кæстæрты рæсугъддзинад – дæ хай!

Уалдзæг у, æмæ дæ Уæлахизы уалдзæджы хорзæх уæд!

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

Хъомылад

# Балц – чингуыты къæбицмæ



**Сывæллæтты æргом чингуытæм раздахынæн скъолайы агъоммæ кары у æппæты хуыздæр афон.**

Сабитæ тынг уарзынц, сæ ныййарджыты хъæбысы бадгæйæ, рæсугъд нывтимæ чингуытæм кæсын, аргъæуттæм хъусын. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, кæсын чи уарзы, уыцы сывæллон царды æнтыстджын уыдзæн, зæгъгæ. Уымæ гæсгæ, рæвдауæндоны цы рæстæг сты, уымæй спайда кæнын хъæуы, цæмæй бауарзой чингуытæ кæсын.

Æрæджы нæ рæвдауæндоны хистæр къорды сабитæ сæ хъомылгæнджытæ **Касаты Иннæ, Авлохты Ноннæ** æмæ мемæ бабæрæг кодтой Дзæуджыхъæуы сæйраг библиотекæйы 4-æм филиал. Алцыдæр сын уыдис цымыдисаг, уыйбæрц алыхуызон чингуытæ тæрхæджытыл федтой фыццаг хатт. Уыдонимæ, аргъæутты бирæ чингуытæ. Ныртæккæ сывæллæттæ сæ рæстæг фылдæр æрвитынц телефонты, мультиктæм кæсгæйæ. Сæ миддунейы райрæзтæн уый пайда нæу. Ууыл дзырдтой библиотекæйы сæргълæууæг **Плиты Фатимæ**, йе ’мкусджытæ **Джиголаты Дзерассæ** æмæ **Татьянæ Мираненко** дæр. Фысымтæ сæ чысыл уазджытæн равдыстой чингуыты къæбиц, базонгæ сæ кодтой, куыд хъæуы библиотекæйы хи дарын, бацамыдтой сын чиныгимæ арæхстгай архайын.

Уыцы бон нæ сывæллæттæ бакастысты чысыл кинонывмæ.

Тынг æхсызгонæй ныл сæмбæлдысты библиотекæйы, æмæ сын сабитæ дæр балæвар кодтой, хæдзары сæ ныййарджытимæ кæй скодтой, ахæм чысыл чингуытæ.

Нæ балц зæрдæмæдзæугæ рауад.

**ДУДАЙТЫ Беллæ, Дзæуджыхъæуы 83-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Парк сцалцæг кæндзысты

**Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеславы ныхасмæ гæсгæ, ацы аз муниципалон бюджеты хардзæй Фæскомцæдисон парк сцалцæг кæндзысты.**

Парк сарæзтой XIX æнусы райдайæны сæвзæрæг горæты раздæры уæлмæрдты фæзуатыл. Ныртæккæ ам ис федералон нысаниуæджы культурон бынты объект – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман фæмардуæвæг æфсæддонтæ-фæскомцæдисонты цыртдзæвæн.

Рацарæзты фыццаг хаймæ гæсгæ, Бутырины уынгæй Пушкины уынджы онг центрон аллей къæйдуртæй æрæмбæрздзысты, фистæгæй цæуæг бæлццæттæн фæндæгтæ сараздзысты, цæджындзтыл рухсгæнæн цырæгътæ бафидар кæндзысты, стæй аивгонд фæхсбандæттæ æмæ урнæтæ сæвæрдзысты. Сывæллæттæн рахай кæндзысты сæрмагонд тæлм.

Аивкæнынады проект æххæст кæндзысты къæпхæнгай. Фидæны ам фæзындзæн шахмæттæй хъазынæн тæлм, баскетболон æмæ волейболон фæзтæ та резинæ уæлцъарæй æрæмбæрздзысты.



Рацарæзты фыццаг хай æххæст кæнын райдайдзысты ацы азы сæрды.

**«Ир Информ»**

## Спортивон фидиуæг



### Мотоспорт

# Ерыстæ – хъæбатырты кадæн

**Мотоциклетон спорты хуыз «Эндуро кросс-кантри»-йы Джызæлмæ хæстæг Саудоны былгæрæтты цыдысты РЦИ-Аланийы гом чемпионат æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды Кубок рамбулыныл ерыстæ.**

Ирыстоны спортсментæй уæлдай, ерысты архайдтой Стъараполы край æмæ Кæсæг-Балхъары мотоциклисттæ. Ædæппæтæй сæ арæхстдзинад æвдыстой 28 спортсмены.

Ерысты аразджытæ уыдысты: РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад, РЦИ-Алани æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды автомотоспорты федерацитæ.

Ерыстæ цыдысты, куыд хицæн спортсменты, афтæ командæты 'хсæн дæр. РЦИ-Аланийы чемпионаты командæты 'хсæн 1-аг бынат бацахста Мæздæджы спортивон клуб «Ирон мотогон», 2-аг бынатмæ рацыд Æрхонкæйы станицæйы командæ, 3-аг та ссис Стъараполы клуб «Адреналин»-ы командæ.

Хицæн спортсменты ерыстæ цыдысты цалдæр къласы мотоциклтыл, æмæ дзы уæлахиздзаутæ систы: 65 см3 (æрыгæтты 'хсæн) – **Марк Романюк** (СК Майский, КБР), кълас 85 см3 – **Иван Калашников** (Пятигорск), кълас Е-1, 125 см3 – **Вячеслав Калашников** (Пятигорск), кълас Е-2, 250 см3 – **Александр Кива** (Æрхонкæ), кълас Е-3, «Китай» **Миракишвили Лука** (Чми, РЦИ-Алани), кълас «Спорт-любители» – **Михаил Болелов** (Дзæуджыхъæу), кълас «Чызджытæ» – **Александр Хацаюк** (Дзæуджыхъæу).



Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджынгонд систы майдантæ, Кубоктæ, дипломтæ æмæ сæрмагонд лæвæрттæй.

Ерыстæ арæзт æрцыдысты Донецк æмæ Лугански республикæты сæрмагонд æфсæддон операцийы фесгуыхæг хъæбатырты кадæн.

Цæгат Кавказы федералон зылды автомотоспорты федерацийы президент **Вячеслав Фисенко** зæрдиаг арфæ ракодта, ерыстæ саразынмæ йе 'ххуысы хай чи бахаста, уыцы кусæндæттæ æмæ хицæн адæймæгтæн. Уыдоны 'хсæн уыдысты: РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад, Мидхъуыддæгты министрад, Æнæнхъæлæджы уавæрты управлени, Горæтгæрон районы бынæттон администраци, хицæн куыстуæттæ: «Чистая польза», «Ирон мотогон», «Дзæуджыхъæуккаг скалодром».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Нæ номдзыд поэт, Хъамбердиаты Мысост

Нæ хъæуы цæрджытæ сæрыстырсты Хъамбердиаты Мысосты æнæмæлгæ литературон бынтæй. Кæрдзыныхъæуы райгуырд æмæ схъомыл Мысост. Ирон поэзийы къæбицмæ стыр бавæрæн бахæссын бафтыд йæ къухы. Кæд æмæ хæрзчысыл фæцард, уæддæр ирон литературæйы акодта уæндон санчъехтæ, ныууагъта дзы æнæферохгæнгæ арф фæд.



Хъамбердиаты Мысостæн йæ цыбыр царды бирæ бантыст. Хæрзæрыгонæй ахуыр кæнынмæ ацыд Мæскуымæ, æмдзæвгæтæ фыссын та райдыдта уымæй размæ. Мæскуыйы ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл фыста йæ поэтикон уацмыстæ, мыхуыры-иу рацыдысты фæсивæдон журналтæ «Пионер», «Молодая гвардия», «Юиг-Штур»-ы, газетты фæрстыл. Рабфак æмгъуыдæй раздæр каст фæцис.

Йæ райгуырæн Ирыстонмæ сыздæхт 1930 азы, кусын райдыдта Дзæуджыхъæуы, республикон газет «Власть труда»-йы ссис литературон хайады сæргълæууæг. Хæрзчысыл ацард Мысост – æрмæстдæр 22 азы, йæ поэзи хурау ныххуды, зæрдæмæ ныххауы æмæ дзы йæхицæн фæндаг скæны. Хъамбердийы-фырты поэзи у ирон, тавы зæрдæ, рухс æй кæны, цардмæ йæхæдæг кæсы лæмбынæг. Йæ хъус тынг ахста чысыл уынæр дæр, ног царды улæфт йæ зæрдæ хорз æмбæрста:

**«Ма у æнкъард... æмæ амондмæ ма дзур,**
**Амонд йæхæдæг зындзæн.**
**Дардмæ йæм ма цу, дæ куыстæй йæ агур,**
**Æмæ дæ уый дæр уындзæн!»**

Нæ литературæйы, нæ культурæйы архайджытæй бирæтæ фыстой Мысосты цардвæндаг æмæ сфæлдыстады тыххæй. Уæлдай аив æмæ зæрдæбын ныхæстæ загъта Нигер, йæ æрмдзæф ын бамбæрстой иннæ фысджытæ дæр. Йæхицæн бирæ ныфсытæ æвæрдта Мысост, бирæ бæллицтæ йæм уыд йæ дарддæры литературон куысты, фæлæ йæ рæуджыты низ нал бауагъта йе стыр хъуыдытæ равдисын. Мысосты цардмондаг зæрдæ йæ куыстæй банцад 1931 азы. Афтæ-иу загъта Мысост:

**«Зæгъынц мын:**
**«Ды нæ бæззыс Ирæн»,**
**Фæрсынц мæ:**
**«Цæй, кæм ис дæ кад?»**
**Чи – мысы**
**хорздзинæдтæ бирæ,**
**Æз та –**
**нæ зæххыты бæркад».**

Хъамбердиаты Бимболаты фырт Мысосты ном рох нæу йæ райгуырæн Кæрдзыныхъæуы цæрджытæй. Æрыгон поэт цы хæдзары райгуырд, ууыл æвæрд ис номарæн фæйнæг. Фæйнæджы бын вæййы сыгъдæг æфснайд, уыиг хæссы Хъамбердиаты Мысосты ном. Йæ рæстæджы Мысосты сфæлдыстады тыххæй бирæ арфæйы ныхæстæ загътой нæ номдзыд фысджытæ: Плиты Грис, Дзесты Куыдзæг, Ардасенты Хадзыбатр, Ярослав Смеляков æмæ иннæтæ.

Алы аз дæр Мысосты райгуырды бон кадджын уавæры сбæрæг кæнынц Кæрдзыныхъæуы скъолайы кусджытæ, ахуырдзаутæ æмæ Культурæйы хæдзары коллектив. Сæрды уыдзæн Хъамбердиаты Мысосты юбилей, йæ райгуырдыл æххæст кæны 115 азы. Хорз уаид, æмæ йæ Кировы районы библиотекæтæ фыццагау куы æрхъуыды кæниккой. Мæнмæ гæсгæ рох нæ уыдзæн республикæйы культурæйы кусджытæй дæр.

Кæрдзыныхъæуы цæрджытæй Хъамбердиаты Мысосты ном рох никуы уыдзæн, цæрдзæн æнустæм. Кæд хъæуы абон Хъамбердиатæй ничиуал цæры, уæддæр Мысост иунæг нæу.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Ирыстоны кадджын ветеран**

## Радон номырыл афæлгæст

# Космосы диссæгтæ – сабитæн

**Дунейы диссæгтæн сæ ахсджиагдæртæ космосимæ баст кæй сты, уый алкæмæн дæр зындгонд у. Йæ сусæгтæ йын базонынмæ тырны алы кары адæймаг дæр. Уыцы æнæфыст уагæвæрд бæрæг у Космонавтикæйы бонæй дæр. Ууыл дзурæг сты нæ Ирыстоны кæстæрты уарзон журнал «Ногдзау»-ы ацы азы 2-æм номыры æрмæджытæ.**

Райдайы журналист Къадзты Иринæйы уац «Дун-дуне æмæ космос»-æй. Автор дзы фыссы зындгонд ахуыргæндтæ Сиукъаты Никъала æмæ Къомайты Русланы зонадон архайд æмæ йæ ахадындзинады тыххæй.




Мæйдзæуæн аппараттæ аразæгæн йæ цард æмæ зонадон архайды фæдыл журналы ног номыры бакæсæн ис иллюстрацигонд æрмæг «Æрвон тыгъдады ирд стъалы» æмæ уацхъуыд «Космонавтикæйы истори».

Ирон фыдæлтыккон таурæгъ «Хур æмæ мæй», æрвон тыгъдад æмæ нæ адæмы миддунеимæ баст рагон дзырдтæ æмæ ирон æвзагмæ сæ тæлмац, базон-базонтæ, дзырдтæй хъазт «Астрозарядкæ» дæр цымыдисаг хъуамæ фæкæсой нæ рæзгæ фæлтæрмæ.

Дзæуджыхъæуы планетарийы Космонавтикæйы скъола куыд арæзт æрцыд, æмæ дзы алы кары фæсивæд сæ рæстæг зондæн пайдаимæ цы хуызы æрвитынц, уый тыххæй журналы кæсут газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг Гасанты Валерийы æрмæг «Сывæллæттæн балæвар кæнæм... космос!»

Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъолайы ахуыргæнæг Теджетты Жаннæимæ та журналæн интервью бацæттæ кодта æрыгон журналист Мамиаты Дианæ.

Алы азты нæ бæстæйы зындгонд космонавттæй космосмæ чи атахт æмæ, се сгуыхтæй зонад æмæ адæмæн цы кад скодтой, уый тыххæй кæсут æрмæг «Зындгонд адæм – космосы».

Уыцы æрмæджытæй уæлдай, журнал «Ногдзау»-ы ис космосы алæмæтдзинадыл дзурæг къамтæ æмæ нывтæ, дзырдбыд æмæ скан-ворд, стæй æндæр цымыдисаг æрмæджытæ.

**АНВАРАТЫ Валери**

## Æфсæддон прокурор æмбарын кæны

# О создании консультативно-правового центра по оказанию правовой помощи и предупреждению возможных нарушений прав призывников

При военной прокуратуре Владикавказского гарнизона (адрес: г. Владикавказ, пр-т Коста, д. 166 тел.: 8(8672)25-73-11) создан консультативно-правовой центр по оказанию правовой помощи и предупреждению возможных нарушений прав призывников.

Работа центра будет организована в период с 01.04.2024 по 15.07.2024 с понедельника по пятницу с 9 часов до 13 часов и с 14 часов до 18 часов.

Также личный прием граждан проводится в военной прокуратуре Владикавказского гарнизона в рабочие дни дежурным офицером с 9 часов до 19 часов, иногородние посетители принимаются ежедневно.

Порядок личного приема граждан, в том числе представителей организаций, государственных организаций, государственных органов и органов местного самоуправления военным прокурором Владикавказского гарнизона полковником юстиции Сулеймановым Сулейманом Амиргамзаевичем осуществляется по четвергам с 9 часов 30 минут до 13 часов и заместителем военного прокурора Владикавказского гарнизона подполковником юстиции Хубаевым Денисом Петровичем по средам с 9 часов 30 минут до 13 часов.

# Сидтонтæн – барадон æххуыс

Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон прокуратурæйы (адрис: Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 166, телефон: 8(8672)25-73-11) сарæзтой сидтонтæн барадон æххуысы æмæ, уæвæн кæмæн ис, сæ бартæ сын ахæм фехæлдтытæй бахизыны фæдыл уынаффæйадон-барадон центр.

Фæлладуадзæн бонтæй фæстæмæ æрвылбон центр 9 сахатæй 18 сахаты онг (фæлладуадзæн рæстæг – 13 сахатæй 14 сахатмæ) кусдзæн ацы азы 15 июлы æмгъуыдмæ.

Кусгæ бонты 9 сахатæй 19 сахаты онг Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон прокуратурæйы радхæссæг афицер æрбацæуæг адæмы фарстатæм байхъусы, æндæр горæттæй æрбацæуæг адæмы фарстатæм та байхъусынц æрвылбон.

Цыппæрæмы 9 сахаты æмæ 30 минутæй 13 сахаты онг Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон прокурор, юстицийы булкъон Сулейман Сулейманов, æртыццæджы 9 сахаты æмæ 30 минутæй 13 сахаты онг та Дзæуджыхъæуы гарнизоны æфсæддон прокуроры хæдивæг, юстицийы дæлбулкъон Хуыбиаты Денис æрбацæуæг адæмы (уыимæ – куыстуæтты, стæй паддзахадон æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты минæвæртты) фарстатæм комкоммæ уагæй байхъусынц.

# Ответственность за уклонение от призыва на военную службу или от прохождения альтернативной гражданской службы

Защита Отечества является долгом и обязанностью каждого гражданина России (статья 59 Конституции РФ).

Исполнить воинский долг обязаны все граждане мужского пола в возрасте от 18 до 27 лет при отсутствии предусмотренных законом оснований для освобождения или отсрочки от призыва на военную службу.

Уклонение от призыва – это неявка по повестке военного комиссара о призыве на военную службу в указанный срок без уважительных причин либо к месту сбора для отправки в воинскую часть, совершаемая как активными действиями (причинение себе телесного повреждения, симуляция болезни, переезд на новое место жительства без снятия и постановки на воинский учет), так и бездействием (неявка на медицинское освидетельствование, отказ от получения повестки военного комиссариата). Уклонением является также получение подложных документов для незаконного освобождения от призыва.

В случае установления факта уклонения от призыва на военную службу призывная комиссия или военный комиссар муниципального образования направляет соответствующие материалы руководителю следственного органа по месту жительства гражданина для решения вопроса привлечения к ответственности.

Статья 328 УК РФ предусматривает уголовную ответственность для лиц, на которых возложена обязанность прохождения военной службы либо альтернативной гражданской службы и уклоняющихся от исполнения такой обязанности.

Частью 1 указанной статьи установлена уголовная ответственность за уклонение от призыва на военную службу, а частью 2 – от прохождения альтернативной гражданской службы.

Максимальное наказание за уклонение от призыва на военную службу предусмотрено до 2 лет лишения свободы, за отказ от прохождения альтернативной гражданской службы – до 6 месяцев ареста. При этом гражданам, не прошедшим военную службу по призыву без наличия на то законных оснований, взамен военного билета выдается справка.

Такие граждане в течение десяти лет со дня истечения срока обжалования заключения призывной комиссии или вступления срока обжалования заключения призывной комиссии или вступления в силу решения суда, которым выводы комиссии признаны законными не могут быть приняты на государственную или муниципальную службу, а уже проходящие ее – подлежат увольнению.

# Бæрнондзинад бадомдзысты

Уæрæсейы Конституцийы 59-æм статьямæ гæсгæ, бæстæйы алы гражданины хæс у Фыдыбæстæ хъахъхъæнын.

18-30-аздзыд нæлгоймаджы æрды æппæт граждæнты хæс у æфсæддон хæс баххæст кæнын (æфсæддон службæйæ ссæрибар кæнынæн, кæнæ, æрсидты æмгъуыд фæстæдæрмæ æргъæвынæн закъоны амынд бындуртæ кæд нæй, уæд).

Активон архайды (адæймаг йæ буарæн знаггад скæны, мæнг уагæй рынчынæй йæхи æвдисы, æфсæддон хыгъдæй хи нæ сисгæйæ æмæ дзы ногæй хи нæ ныффысгæйæ, ног цæрæнбынатмæ раивд) æмæ æнæ архайды (медицинон иртасынадмæ не 'рбацыд, æфсæддон комиссарады пъавескæ райсыныл не сразы) фæрцы кæй баххæст кæнынц, æнæ ахсджиаг æфсæнттæй амынд æмгъуыдмæ æфсæддон службæмæ æрсидты тыххæй æфсæддон комиссарады пъавескæмæ гæсгæ, науæд æфсæддон хаймæ арвитынæн æмбырды бынатмæ ахæм нербацыд нымад у æрсидтæй хи фæтылиф кæныны цауыл. Æрсидтæй æнæзакъонæй ссæрибар кæнынæн мæнг документты райст дæр нымад у хи фæтылиф кæныны цауыл.

Адæймаг æфсæддон службæмæ æрсидтæй йæхи кæй фæтылиф кодта, уый кæд бавдисой, уæд муниципалон иугонды æрсидтон къамис, кæнæ æфсæддон комиссар адæймаджы цæрæнбынатмæ гæсгæ слестгæнæн оргæны разамонæгмæ барвиты æмбæлгæ æрмæджытæ адæймагæй бæрнондзинад бадомыны фарста алыг кæнынæн.

Æфсæддон, науæд, альтернативон граждайнаг службæ бакæныны хæс æвæрд кæуыл ис, фæлæ, ацы хæс баххæст кæнынæй хи чи тылиф кæны, Уæрæсейы Уголовон кодексы 328-æм статья ахæм адæймæгтæн амоны уголовон бæрнондзинад.

Амынд статьяйы 1-аг хай æфсæддон службæмæ æрсидтæй, 2-аг хай та – альтернативон граждайнаг службæ бакæнынæй хи фæтылиф кæныны тыххæй амоны уголовон бæрнондзинад.

Æфсæддон службæмæ æрсидтæй хи фæтылиф кæныны тыххæй адæймагæн рахæссæн ис тæккæ фылдæр дыууæ азы, альтернативон граждайнаг службæ бакæныныл не сразы уæвыны тыххæй та – æхсæз мæйы дæргъы ахæстоны фæбадыны тæрхон. Æнæ 'мбæлгæ бындуртæй æрсидтмæ гæсгæ, æфсæддон службæ чи нæ бакодта, уыцы адæймæгтæн æфсæддон æвдисæндары бæсты радтынц справкæ.

Æрсидтон къамисы хатдзæгыл бахъасты æмгъуыды фæуды, кæнæ, къамисы хатдзæгтæ æмбæлгæ нымад кæмæ гæсгæ æрцыдысты, тæрхондоны ахæм уынаффæ тыхы бацыды бонæй дæс азы дæргъы амынд граждæнты нæй райсæн паддзахадон, кæнæ муниципалон службæмæ, ацы службæ чи кæны, уыцы адæймæгтæ та куыстæй арвитинаг сты.

## Хъусынгæнинаг

# Извещение о возможном установлении публичного сервитута

На основании ст.3.3 ФЗ от 25.10.2001 № 137-ФЗ «О введение в действие Земельного кодекса РФ», ст. 39.37-39.50 ЗК РФ **Министерство государственного имущества и земельных отношений РСО-Алания** информирует об установлении публичного сервитута на территории РСО-Алания. Публичный сервитут устанавливается в отношении земель и земельных участков в целях строительства и эксплуатации линейного объекта «Газопровод-связка распределительный между ГРС г. Назрань-2 и ГРС Кантышево Назрановского района Республики Ингушетия» в соответствии с пунктом 1 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации сроком на 10 лет в пользу общества с ограниченной ответственностью «Газпром газификация» (ОГРН 1217800107744, ИНН 7813655197, юридический и фактический адрес: 194044, г. Санкт-Петербург, вн.тер.г. Муниципальный округ Сампсониевское, пр-кт Большой Сампсониевский, д.60, литера А. Телефон: +7(812)613-33-00, электронная почта: info@eoggazprom.ru).

Публичный сервитут испрашивается в отношении земельных участков и (или) земель, с кадастровыми номерами:

15:08:0020101:2785 Республика Северная Осетия-Алания, Пригородный район, автодорога Назрань-Кантышево и объездная с. Майское;

15:08:0020101:724 Республика Северная Осетия-Алания Пригородный район, с левой стороны автодороги "Владикавказ-Моздок" 200 м. от Кантышевского перекрестка;

15:08:0020101:3174 Республика Северная Осетия-Алания, Пригородный район, с левой стороны автодороги "Владикавказ-Моздок" 120 м от Кантышевского перекрестка;

15:08:0020101 Республика Северная Осетия-Алания, Пригородный муниципальный район.

Документация по планировке территории утверждена Приказом Министерства строительства и жилищно-коммунального хозяйства Российской Федерации от 30.05.2023 № 389/пр «Об утверждении документации по планировке территории»; (реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, а также информацию об инвестиционной программе субъекта естественных монополий).

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившими Ходатайствами и прилагаемыми к нему графическими описаниями местоположения границ публичного сервитута, подать заявления об учете прав на земельные участки: 362040, РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Мира, 25. Сроки начала и окончания подачи заявлений, а также ознакомления с поступившими Ходатайствами и прилагаемыми к нему графическими описаниями местоположения границ публичных сервитутов: с 11.04.2024 г по 25.04.2024 г. Время приема заинтересованных лиц: пн.-пт. С 9.00 часов до 12.00 часов, с 14.00 часов до 17.00 часов. Официальный сайт в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на котором размещено данное сообщение minimu.alania.gov.ru Графические описания местоположения границ публичных сервитутов, а также перечень координат характерных точек этих границ представлены в приложении к Ходатайствам, размещенным на сайте **minimu.alania.gov.ru.**

**Профессион æгъдауæй бæлæстæм базилдзыстæм æмæ, цалынмæ къуыбар нæ рафтыдтой, уæдмæ сæ хъæугæ хосæй бапырх кæндзыстæм.**
**Бадзурæн ис ахæм телефонтæй:**
**8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацииты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацииты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3242. Заказ № 380. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**